



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

SÈTIFIKA KOREKSYON

SI OU TE RESEVWA YON MANDA NAN MEN DEPATMAN KONSTRIKSYON ("DEPARTMENT OF BUILDINGS, DOB) EPI OU TE "ASEPTE" LI, YO TE JIJÉ OU TE "AN VYOLASYON/AN TÒ", OSWA OU TE ASEPTE YON ANTANT. OU DWE SOUMÈT YON PAKE SÈTIFIKA KOREKSYON BAY DOB OSINON OU KAPAB RESEVWA PLIS MANDA!

Manda ou an genyen yon lòd ladan li, ki di: "**Lòd Komisè a pou korije Vyolasyon an Kondisyon an(yo)/Reparasyon.**" Sa se yon LÒD yo ba OU, ou menm moun oswa konpayi non li nan manda an.

PEYE PENALITE SA PA VLE DI RESPONSABILITE OU YO FINI

Ou toujou genyen pou ou 1) ranje pwoblèm ki te mete ou nan sitiyasyon pou resevwa manda an (yo), 2) soumèt pake koreksyon bay dob epi 3) fè DOB apwouve pakè sa a.

OU DWE KÒMANSE KORIJÉ VYOLASYON YO RAPID VIT LÈ OU RESEVWA MANDA AN (YO)! DAT ODYANS OU AN PA GENYEN ENPÒTANS NAN KA SA!

Se SÈLMAN si yo rejte manda ou an apre yon odyans OATH ou P AP bezwen soumèt yon pakè koreksyon. Sepandan, ou ka toujou nan obligasyon pou fè koreksyon pou evite manda pi devan.

Si ou te (1) jwenn ou nan Vyolasyon/An Tò; (2) te enplike nan yon vyolasyon; oswa (3) asepte yon antant epi (4) PA T soumèt yon Pakè Sètifika Koreksyon, DOB kapab kontinye soti plis manda dèyè ou paske ou pa depoze yon Sètifika Koreksyon nan DOB.

Yo ka mete vyolasyon yo nan "kategori" 1, 2 oswa 3. Kategori yon vyolasyon yo sanksyone an nan lis manda yo.
Kategori 1 - Ou dwe korije sa **Kounye a** Kategori 2 ak 3 - Ou dwe korije sa **nan yon peryòd 40 jou**

Etap 1: Jwenn yon pakè Sètifika Koreksyon nan men yon reprezantan Sant Asistans OATH an oswa ale nan men yon reprezantan Sant Asistans OATH an oswa <https://www1.nyc.gov/site/buildings/safety/resolving-ecb-violations.page> pou jwenn fòmilè obligatwa yo (AEU2, AEU3321and/or AEU20).

Etap 2: Ranpli nenpòt paj "ATESTASYON" ki anndan li. Mete yon deklarasyon notarye sou KIJAN pwoblèm lan (yo) te rezoud, LÈ pwoblèm lan (yo) te rezoud, epi KILÈS kite rezoud li. Mete ladan li nenpòt prèv ou genyen.

- Itilize nenpòt "enstriksyon" ki anndan fòmilè ou yo antanke gid.

Etap 3: Fè moun ki te rezoud pwoblèm lan (yo) ranpli epi notarye paj "DEKLARASYON SIPÒ SÈTIFIKA KOREKSYON" an.

- Itilize nenpòt "enstriksyon" ki anndan fòmilè ou yo antanke gid.

Etap 4: Kreye oswa itilize yon kont eFiling pou antre nan DOB NOW nan www.nyc.gov/dobnow epi chwazi paj akèy anliy BIS la. Si ou bezwen kreye yon kont eFiling, ale nan www.nyc.gov/DOBNowtips. Anndan paj akèy anliy DOB NOW BIS la ranpli espas ki obligatwa yo tankou kantite Manda yo epi soumèt tout fòmilè ki nesèsè yo, ansanm ak nenpòt lòt dokiman obligatwa. Soumèt dokiman ou yo pou Inite Aplikasyon Administratif DOB an fè revizyon.

TANPRI SONJE : Sètifika Koreksyon ou an **PA KONPLÈ** jiskaske DOB APWOUVE li.

Pou plis Asistans, tanpri kontakte Sant Asistans OATH an an Pèsòn nan nenpòt sit OATH, sòti nan Lendi rive nan Vandredi, sòti nan 8am rive 5pm, nan nimewo Telefòn sa (212) 436-0845, oswa nan mesaj imèl sa a

Manhelpcenter@oath.nyc.gov